

## **KONN KI DWA OU GENYEN – ESTATI ESPESYAL IMIGRAN MINÈ (SIJS)**

### **Kisa yo rele Eitati Espesyal Imigran Minè a (Special Immigrant Juvenile Status, SIJS)?**

SIJS la se yon fason pou sèten jèn imigran ki gen mwens pase laj 21 lane epi ki ap viv nan Etazini, jwenn kat rezidans.

### **Kiyès ki ka fè demann SIJS la?**

Ou ka fè demann SIJS nan men Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) si ou te viktim maltretans, neglijan, oswa abandonman nan men youn oswa toude nan paran ou yo, epi ou pa ka al jwenn youn oswa toude paran yo poutèt sa. Se yon jij tribinal eta ki pou deside si li pi bon pou w rete nan peyi isit la pase pou w retounen nan peyi kote ou soti an. Nan New York, se souvan yon dosye Tribinal Koze Lafanmi.

Pou kalifye pou SIJS, ou dwe pa marye epi ou dwe gen mwens pase laj 21 lane, epi ou dwe nan Etazini.

### **Kijan pou fè demann estati SIJ an?**

Premyèman, ou dwe jwenn yon lòd nan men yon jij Tribinal Koze Lafanmi ki di ou se responsab libite tribinal la (paregzanp nan kad yon dosye gad legal). Tribinal Koze Lafanmi an ap gen pou konkli ou:

- pa marye epi ou gen mwens pase laj 21 lane;
- te viktim maltretans, neglijan, oswa abandonman nan men youn oswa toude paran ou yo;
- pa ka al jwenn youn oswa toude paran ou yo poutèt maltretans, neglijan, oswa abandonman an; epi
- ou pa dwe retounen nan peyi kote ou soti an.

Lè ou fin jwenn lòd Tribinal Koze Lafanmi an, alòs ou kapab fè demann SIJS nan men USCIS. W ap gen pou bay:

- Fòmilè I-360 la, ranpli avèk lank nwa. Ou ka jwenn fòmilè a nan [www.uscis.gov/I-360](http://www.uscis.gov/I-360)
- Kopi sètifye konfòm lòd Tribinal Koze Lafanmi an.
- Kopi akdenesans ou oswa lòt prèv laj ou; si li pa nan lang anglè, dokiman an dwe tradui nan lang anglè, epi ou dwe tache yon sètifika tradiksyon ansanm avèk li.
- Pou lis konplè prèv ou dwe mete yo, gade nan [www.uscis.gov/I-360](http://www.uscis.gov/I-360)

Si w ap viv nan New York oswa nan New Jersey, poste demann SIJS ou a pou USCIS, Attn: AOS, P.O. Box 805887, Chicago, IL 60680. Verifye nan [www.uscis.gov/I-360](http://www.uscis.gov/I-360) pou sèten adrès la pa chanje.

### **Pri**

Ou pa gen pou peye anyen pou Fòmilè I-360 la, lè w ap fè demann SIJS.

### **Pèmi Travay**

**Avètisman:** Se Inite Lwa sou Imigrasyon (Immigration Law Unit) Legal Aid Society an ki kreye avi sa a. Avi sa a se pa konsèy jiridik, e li pa ranplase konsèy yon espesyalis imigrasyon.

Li posib pou w kapab fè demann pèmi travay lè ou fin depoze Fòmilè I-360 la.

### **Kat Rezidans**

Lè SIJS ou a fin apwouve, ou gen dwa kapab fè demann kat rezidans. Kat rezidans la t ap pèmèt ou viv ak travay nan Etazinin. Moman kote w ap kapab fè demann kat rezidans la ap depann de “dat priyorite” Fòmilè I-360 ou a.